

<p style="text-align: center;">Question #1 Proposed Charter Change 1</p> <p style="text-align: center;">Submitted to the Voters By: Bill No. 220733 (approved March 1, 2023); Resolution No. 220743 (adopted February 16, 2023)</p> <p>Ballot Question:</p> <p>Should The Philadelphia Home Rule Charter be amended to expand the requirements for annual minimum appropriations to the Budget Stabilization Reserve, more commonly known as the “rainy day fund”?</p> <p>Statement:</p> <p>The Budget Stabilization Reserve is a required amount of money set aside each year in the City’s operating budget that cannot be spent except in extraordinary circumstances, such as during the pandemic. It is sometimes called the City’s “rainy day fund.”</p> <p>The City’s Home Rule Charter, which sets up the framework of City government, establishes rules for Council’s adoption of an annual operating budget. Those rules determine the amount of money that must be set aside in the rainy day fund each year.</p> <p>If you vote “Yes” on this ballot question, that means you approve of increasing the amount of money that might be set aside in the rainy day fund each year.</p>	<p style="text-align: center;">Question #2 Proposed Charter Change 2</p> <p style="text-align: center;">Submitted to the Voters By: Bill No. 220864 (approved March 1, 2023); Resolution No. 220872 (adopted February 16, 2023)</p> <p>Ballot Question:</p> <p>Should The Philadelphia Home Rule Charter be amended to create the Division of Workforce Solutions within the Department of Commerce and to define its duties?</p> <p>Statement:</p> <p>The City’s Home Rule Charter is the document that sets up the framework of City government. It is the City’s constitution.</p> <p>Under the Charter, the Department of Commerce is mostly responsible for promoting economic development.</p> <p>If you vote “Yes” on this ballot question, that means you approve of adding a Division of Workforce Solutions to the Commerce Department. The Division would be responsible for promoting workforce development in the City.</p>	<p style="text-align: center;">Question #3 Proposed Charter Change 3</p> <p style="text-align: center;">Submitted to the Voters By: Bill No. 230004 (approved March 1, 2023); Resolution No. 230016 (adopted February 16, 2023)</p> <p>Ballot Question:</p> <p>Should The Philadelphia Home Rule Charter be amended to make employees of the Citizens Police Oversight Commission exempt from civil service hiring requirements?</p> <p>Statement:</p> <p>The Citizens Police Oversight Commission (CPOC) is an oversight agency designed to ensure the just, transparent, and efficient administration of criminal justice in Philadelphia through fair and timely investigation into, and oversight of, conduct, policies, and practices of the Police Department and its officers.</p> <p>The City’s Home Rule Charter sets up the rules for the operation of City government. Under the Charter, most City employees are employed through the civil service system. The civil service system requires hiring for most positions to be based on the ranking of employees through testing. Hiring for positions exempt from the civil service is not subject to those requirements.</p> <p>If you vote “Yes” on this ballot question, that means you approve of including CPOC staff among the City employees who may be hired outside of the civil service system.</p>	<p style="text-align: center;">Question #4 Proposed Charter Change 4</p> <p style="text-align: center;">Submitted to the Voters By: Bill No. 230106 (approved March 23, 2023); Resolution No. 230115 (adopted March 9, 2023)</p> <p>Ballot Question:</p> <p>Should The Philadelphia Home Rule Charter be amended to create the Office of the Chief Public Safety Director and to define its powers, duties and responsibilities?</p> <p>Statement:</p> <p>The City’s Home Rule Charter is the document that sets up the framework of City government. It is the City’s constitution.</p> <p>If you vote “yes” on this ballot question, that means you approve of adding a new position to the City Charter, called the Chief Public Safety Director.</p> <p>The Director would have responsibility for coordinating the use of resources, such as personnel and equipment, within various City departments, such as the Police and Fire Departments. The Director would also provide those departments with guidance and approvals concerning City policies and City programs, such as violence prevention programs, and would conduct studies and prepare reports concerning the City’s public safety operations.</p>
--	---	--	---

<p style="text-align: center;">Kesyon #1</p> <p style="text-align: center;">Chanjman 1 ki Pwopoze nan Chatè</p>	<p style="text-align: center;">Kesyon #2</p> <p style="text-align: center;">Chanjman 2 ki Pwopoze nan Chatè</p>	<p style="text-align: center;">Kesyon #3</p> <p style="text-align: center;">Chanjman 3 ki Pwopoze nan Chatè</p>	<p style="text-align: center;">Kesyon #4</p> <p style="text-align: center;">Chanjman 4 ki Pwopoze nan Chatè</p>
<p style="text-align: center;">Soumèt bay Votè yo Pa:</p> <p>Pwojè lwa Nimewo. 220733 (apwouve 1 Mas 2023); Nimewo Rezolisyon. 220743 (adopte 16 Fevriye 2023)</p> <p>Kesyon Bilten Vòt:</p> <p>Èske yo ta dwe amande Chatè Otonomi Filadèlfi a pou elaji egzijans pou afektasyon minimòm anyèl yo nan Rezèv Estabilizasyon Bidjè a, ke yo rele pi souvan “rainy day fund” (fon pou move jou)?</p> <p>Deklarasyon:</p> <p>Rezèv Estabilizasyon Bidjè a se yon kantite lajan obligatwa yo mete sou kote chak ane nan bidjè fonksyonman Vil la ke yo pa kapab depanse eksepte nan sikonstans estwòdinè, tankou pandan pandemi an. Pafwa yo rele li “rainy day fund” (fon pou move jou) Vil la.</p> <p>Chatè Otonomi Vil la, ki defini kad gouvènman Vil la, tabli règ yo pou Konsèy la adopte yon bidjè fonksyonman anyèl. Règ sa yo detèmine kantite lajan yo dwe mete sou kote nan fon pou move jou yo chak ane.</p> <p>Si w vote “Wi” pou kesyon sa a sou bilten vòt la, sa siyifi ou apwouve pou yo ogmante kantite lajan yo ta ka mete sou kote nan fon pou move jou yo chak ane.</p>	<p style="text-align: center;">Soumèt bay Votè yo Pa:</p> <p>Pwojè lwa Nimewo. 220864 (apwouve 1 Mas 2023); Nimewo Rezolisyon. 220872 (adopte 16 Fevriye 2023)</p> <p>Kesyon Bilten Vòt:</p> <p>Èske yo ta dwe amande Chatè Otonomi Filadèlfi a pou kreye Divizyon Solisyon Mendèv la andedan Depatman Komès la epi defini fonksyon li yo?</p> <p>Deklarasyon:</p> <p>Règ Chatè Otonomi Vil la se dokiman ki defini kad gouvènman Vil la. Se konstitisyon Vil la.</p> <p>Dapre Chatè a, se Depatman Komès ki sitou responsab pou ankouraje devlopman ekonomik.</p> <p>Si w vote “Wi” pou kesyon sa a sou bilten vòt la, sa siyifi ou apwouve pou ajoute yon Divizyon Solisyon Mendèv nan Depatman Komès la. Divizyon an ta responsab pou ankouraje devlopman mendèv nan Vil la.</p>	<p style="text-align: center;">Soumèt bay Votè yo Pa:</p> <p>Pwojè lwa Nimewo. 230004 (apwouve 1 Mas 2023); Nimewo Rezolisyon. 230016 (adopte 16 Fevriye 2023)</p> <p>Kesyon Bilten Vòt:</p> <p>Èske yo ta dwe amande Chatè Otonomi Filadèlfi pou fè anplwaye nan Komisyon Sitwayen yo pou Sipèvizyon Lapolis gen dispans nan egzijans anbochaj nan fonksyon piblik?</p> <p>Deklarasyon:</p> <p>Komisyon Sitwayen yo pou Sipèvizyon Lapolis (Citizens Police Oversight Commission, CPOC) se yon ajans sipèvizyon ki fèt pou asire yon administrasyon jis, transparan ak efikas jistis kriminel la nan Filadèlfi grasa ankèt jis epi ki fèt nan bon moman, epi sipèvizyon, konduit, politik, ak pratik Depatman Lapolis ak ajan li yo.</p> <p>Règ Chatè Otonomi Vil la defini règ yo pou fonksyonman gouvènman Vil la. Dapre Chatè a, yo anplwaye pifò anplwaye Vil la pa mwayen sistèm fonksyon piblik la. Sistèm fonksyon piblik la egzije pou anbochaj nan pifò pòz yo baze sou klasman anplwaye yo pa mwayen tès. Anbochaj pou pòs ki gen dispans fonksyon piblik la pa depann de egzijans sa yo.</p> <p>Si w vote “Wi” pou kesyon sa a sou bilten vòt la, sa siyifi ou apwouve pou mete anplwaye CPOC nan pami anplwaye Vil la yo ka anboche deyò sistèm fonksyon piblik la.</p>	<p style="text-align: center;">Soumèt bay Votè yo Pa:</p> <p>Pwojè lwa Nimewo. 230106 (apwouve 23 Mas 2023); Nimewo Rezolisyon. 230115 (adopte 9 Mas 2023)</p> <p>Kesyon Bilten Vòt:</p> <p>Èske yo ta dwe amande Chatè Otonomi Filadèlfi a pou kreye Biwo Direktè Anchèt Sekirite Piblik la epi defini pouvwa, devwa ak responsablite li yo?</p> <p>Deklarasyon:</p> <p>Règ Chatè Otonomi Vil la se dokiman ki defini kad gouvènman Vil la. Se konstitisyon Vil la.</p> <p>Si w vote “wi” pou kesyon sa a sou bilten vòt la, sa siyifi ou apwouve pou yo ajoute yon nouvo pòs nan Chatè Vil la, ki rele Direktè Anchèt Sekirite Piblik la.</p> <p>Direktè a ta gen responsablite pou li kowòdone itilizasyon resous yo, tankou pèsonèl ak ekipman, nan divès depatman Vil la, tankou Depatman Lapolis ak Depatman Ponpye. Epitou, Direktè a ta bay depatman sa yo konsèy ak apwobasyon konsènan règleman Vil la ak pwogram Vil la, tankou pwogram yo pou prevansyon vyolans, epi li ta mennen etid epi prepare rapò konsènan operasyon sekirite piblik yo nan Vil la.</p>